

Pale de Enkyetid ou

Si w gen yon sousi oswa w sispèk te gen yon vyolasyon lalwa a, Kòd Kondwit nou an oswa Kòd Founisè a, nou ta renmen w pale de sa pou pataje enfòmasyon sa a.

Nou vle ankouraje yon kilti ouvèti epi n ap sipòte moun ki mete nou okouran de jan de enkyetid sa yo, menm si nou rive aprann ke moun nan te twonpe de enkyetid li a. Sepandan, si yon moun fè yon fòs deklarasyon ak yon entansyon malveyan, li gen dwa sibi yon mezi disiplinè.

Kòd Kondwit ak Kòd Founisè nou yo disponib sou entranèt la epi sou : www.imperialbrandsplc.com. Si w gen kesyon, ou ka voye yon imel bay Governance.Team@impbrands.com

Gen plizyè fason w ka pale franchman konsènan enkyetid ou yo :

1. Pale lokalman

Si w santi w alèz pou w fè sa, ou dwe adrese enkyetid ou yo avèk jesyonè ekip ou a oswa avèk ekip resous imèn lokal ou a.

2. Pale bay Gwoup la

Si w pa santi w alèz pou w adrese enkyetid ou yo avèk yon kolèg travay lokal, oswa si w te deja mete kad nan depatman lokal ou a okouran konsènan enkyetid ou yo epi w kwè repons lan pa t sifizan, ou kapab kontakte yon moun nan Gwoup, tankou :

- Sekretè Konpayi Gwoup la ;
- Kontwòl Finansye Gwoup la ; oswa
- Direktè Resous Imèn Gwoup la.

Telefòn : +44 (0)117 963 6636 epi esplike ke se yon zafè denonsyasyon.

Si w ta prefere fè yon deskripsyon enkyetid ou a alekri, pa gen pwoblèm pou sa. L ap ede nou si w di nou kòman nou kapab kontakte w. Ou kapab voye yon deskripsyon enkyetid ou yo pa lapòs oswa pa imel bay :

The Group Company Secretary, 121 Winterstoke Road, Bristol, BS3 2LL, United Kingdom Ekri sou li : « Personal »	Imel : speakup@impbrands.com .
--	---

3. Itilize Liy Dirèk Ekstèn Expolink lan pou Pale de Enkyetid ou

Nan nenpòt moman, ou gen dwa chwazi tou pou w pale de enkyetid ou yo apati yon sèvis endepandan **Expolink** founi, epi w ka kontakte yo pa telefòn, imel, entènèt oswa aplikasyon telefònik The SpeakingUp App. Ou ka fè sa nan yon manyè ki konplètman anònim si w ta prefere sa. Expolink pral asire l ke enkyetid ou yo rive jwenn bon moun yo rapid :

- Liy Dirèk Expolink lan fonksyone 24 sou 24, 7 jou sou 7 (sòf 25 desanm). Nimewo telefòn nan diferan pou chak peyi. Si w pa konnen bon nimewo a, gade pàno afichaj lokal yo oswa vizite www.expolink.co.uk, www.imperialbrandsplc.com oswa entranèt Gwoup la
- Ou ka voye rapò bay Expolink pa imel nan imperialbrands@expolink.co.uk
- Ou ka remèt rapò sou entènèt la nan sit wèb Expolink lan nan www.expolink.co.uk avèk kòd aksè « imperialbrands » lan.
- Telechaje aplikasyon telefònik The SpeakingUp App nan Apple App Store, Google Play oswa Microsoft. Utilize kòd aksè « imperialbrands » lan.

Garanti nou ba w

Nan mezi sa posib, nou pral gade anonima ak konfidansyalite enkyetid ou yo. Sepandan, pou nou kapab reyalize yon ankèt kòm sadwa, gen kèk enfòmasyon li kapab nesesè pou nou revele.

Ou kapab chwazi pou w fè konnen enkyetid ou yo san w pa di kiyès ou ye, You may choose to raise your concern anonymously, depi lwa nan peyi kote w ap travay pèmèt sa.

Nou pa tolere revanj kont yon moun ki pale de yon enkyetid li genyen oswa ki ede ak yon envestigasyon.

Out 2019